**दिन–सोमवार** **दिनांक–08.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आंगनबाड़ी सेविका आ सहायिकाक मानदेय मे वृद्धि करबाक घोषणा कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे आंगनबाड़ी सेविकाक मानदेय सात हजार सँ बढ़ा कऽ नओ हजार टाका कऽ देल गेल अछि। ओतहि, आंगनबाड़ी सहायिकाक मानदेय चारि हजार सँ बढ़ा कऽ साढ़े चारि हजार टाका कऽ देल गेल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकारक एहि निर्णय सँ समेकित बाल विकास परियोजनाक माध्यम सँ चलाओल जा रहल विभिन्न सेवाक गुणवत्ता मे वृद्धि होयत। ओतहि, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे आयोजित एक कार्यक्रम मे बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक पैंसठि बस मे ई टिकटिंग सुविधाक शुभारंभ कयलनि संगहि, महिला लोकनि के समर्पित अस्सी पिंक बसक लोकार्पण सेहो कयलनि।

---

ओतहि दोसर दिस मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एशिया कप पुरूष हॉकी प्रतियोगिताक फाइनल विजेता भारतीय टीम लेल पुरस्कारक घोषणा कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री कुमार कहलनि जे टीमक प्रत्येक खेलाड़ी के दस लाख टाका आ प्रत्येक सहयोगी के पांच लाखक सम्मान राशि प्रदान कयल जायत। ओ भारतीय टीम के भविष्य लेल शुभकामना सेहो देलनि।

---

सुप्रीम कोर्ट आधार कार्ड के मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण एसआईआरक अंतर्गत बारहम दस्तावेजक रूप मे मान्यता दऽ देलक अछि। एखन एसआईआर लेल एगारह दस्तावेज निर्धारित छल। बिहार मे चलि रहल एसआईआर के चुनौती देबयवला याचिका सभ पर सुनवाई करैत न्यायमूर्ति सूर्यकान्त आ न्यायमूर्ति जॉयमाल्या बागचीक पीठ ई आदेश सुनौलक। पीठ कहलक जे आधार के भले नागरिकताक दस्तावेज नहि मानल जा सकैत अछि। मुदा, एकरा भोटरक पहचानक एक दस्तावेजक रूप मे स्वीकार कयल जा सकैत अछि।

---

उपराष्ट्रपति पद लेल काल्हि चुनाव होयत। एहि चुनाव मे एनडीए उम्मीदवार आ महाराष्ट्रक राज्यपाल एस.पी राधाकृष्णन के इंडिया गठबंधनक उम्मीदवार आ सर्वोच्च न्यायालयक पूर्व न्यायाधीश बी. सुदर्शन रेड्डी सँ संघर्ष छनि। उपराष्ट्रपतिक चुनाव संसदक दुनू सदनक सदस्यवला एक निर्वाचक मंडल द्वारा कयल जाइत अछि। एखन दुनू सदन मे कुल सात सय एकासी सांसद छथि। एहि मे सँ चारि सय उनचालीस एनडीएक आ तीन सय चौबीस इंडिया गठबंधनक छथि। तीन सय एकानवे भोट लाबयवला उम्मीदवार निर्वाचित हेताह। एहि वर्ष जुलाई मे स्वास्थ्य कारण सँ जगदीप धनखड़ के त्यागपत्र देबाक कारणे ई चुनाव भऽ रहल अछि।

———————————————————

उपराष्ट्रपति चुनाव के लऽकऽ जदयूक सांसद लोकनिक आइ नव दिल्ली मे एक बैसार भेल। बैसारक बाद संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे जदयूक वरिष्ठ नेता आ सांसद ललन सिंह कहलनि जे पार्टी एनडीएक उपराष्ट्रपति पदक उम्मीदवार सी.पी राधाकृष्णन के संग अछि।

———————————————————

भाजपा संसदीय दल नव दिल्ली मे आयोजित पार्टी सांसदक प्रशिक्षक कार्यशाला मे अगिला पीढ़ीक जीएसटी सुधारक प्रस्ताव सर्वसम्मति सँ मंजूर कऽ लेलक। एहि मे उत्पादक आ व्यापारी सँ जीएसटी दर मे कटौतीक लाभ उपभोक्ता धरि पहुंचेबाक आह्वान कयल गेल। प्रस्ताव मे ईहो कहल गेल अछि जे मूल्य कम हेबा सँ मांग बढ़त आ कारोबार तथा अर्थव्यवस्था के बढ़ावा भेटत। प्रस्ताव मे उल्लेख कयल अछि जे मासिक जीएसटी संग्रह दू लाख करोड़ टाका धरि पहुचब बेसी अनुपालन आ अर्थव्यवस्था के मजगूत हेबाक संकेत अछि।

———————————————————

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी सीपीआईक प्रदेश इकाईक पच्चीसम सम्मेलन आइ सँ पटना मे शुरू भेल। बारह सितंबर धरि चलयवला एहि सम्मेलन मे राज्य भरि सँ प्रतिनिधि लोकनि सम्मिलित भऽ रहल छथि।

———————————————————

वरिष्ठ पत्रकार संकर्षण ठाकुरक आइ नव दिल्ली मे निधन भऽ गेलनि। ओ तिरसठि वर्षक छलाह। मूल रूप सँ पटनाक रहनिहार संकर्षण ठाकुर कतेको समाचार पत्रक संपादन

कयने छलाह। हुनक रचित कतेको पोथी चर्चित रहल अछि। हुनक निधन पर पत्रकारिता जगत सँ जुड़ल लोक सभ दुख व्यक्त कयलनि अछि।

————————————————————————

रेलवे छठि आ दिवाली पर देशक विभिन्न क्षेत्र सँ बिहार लेल बारह हजार सात सय उनासी विशेष रेलगाड़ीक परिचालन के मंजूरी देलक अछि। एहि मे सँ आठ हजार पांच सय एकानवे ट्रेनक अधिसूचना जारी कऽ देल गेल अछि। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी एक सोशल मीडिया पोस्ट मे ई जनतब देलनि।

————————————————————————

प्रदेश मे मौसम प्रायः शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्य मे मॉनसून के कमजोर हेबा सँ बरखाक गतिविधि मे कमी आयल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे आइ पश्चिम चंपारण जिला मे किछु स्थान पर भारी बरखा भऽ सकैत अछि। ओतहि, प्रदेशक उत्तर आ दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना अछि।

————————————————————————

समाप्त